

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Surga,
Bumina
Gusti anu
Endah



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku: Lazarus

Disaluyukeun ku: Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2011 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo
ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami
sanes kanggo tujuan komersil.



Waktos Yesus linggih di dunya,
Anjeuna nyarios ka murid-murid-Na
ngerunaan surga.

Anu ku Anjeuna
di sebat "Imah
Ama" Yesus
nyarioskeun




yen di ditu teh seueur tempat
anu tiasa di linggihan.



Yesus nyarios "Kami indit rek
nyayagikeun tempat pikeun maraneh.
Upama Kami geus indit ka eta tempat
tur geus nyadiakeun
tempat keur
maraneh,

...



... Kami bakal datang deui tur mawa maraneh ka tempat Kami." Yesus angkat ka Surga, saparantos Anjeuna gugah tina maot. Saatos kitu Anjeuna diangkat ka surga ...



... disaksenan ku murid-murid, sareng
anu percanten ka Yesus sanesna,
teras awan nutupan Anjeuna dugika
Yesus teh teu
katingal
deui.



Tisaprak harita, jalmi-jalmi anu
percanten ka Yesus, ngemut kana
janji Yesus anu bakal supping
deui ka alam dunya
mapagkeun umat-Na.

Yeus nyarios
Anjeuna bakal
enggal-

enggal sumping,
dina waktos anu teu
disangki-sangki.




Tapi naon anu kajantenan ka jalmi
anu percanten ka Yesus tapi pupus
sateuacan Yesus sumping?

Aranjeuna bakal
ngantunkeun salira
jasmanina teras
ruh aranjeuna

sasarengan
sareng Yesus.



Kitab Wahyu, buku anu pangahirna
dina Alkitab, nyaurkeun
ka urang kumaha
ahengna sawarga
eta teh.



Hiji tempat anu aheng pisan,
didamel ku cara anu khusus, surga
teh nyaeta bumina Gusti.
Gusti aya dimana-mana
tapi tahta-Na
aya dilebet
surga.



Malaekat-malaekat sareng pangeusi
surga anu sanesna janten
anu purah maruji ka
Gusti di surga. Kitu
oge sadaya umat Gusti
anu tos
pupus
teras
angkat ka
surga.



Aranjeuna nyaranyi lagu-l;agu pujian
khusus kanggo maruji Gusti.

Tah ieu teh sababaraha
kecap tina hiji nyanyian
anu dinyanyikaeun ku
aranjeuna :



"Nya Andika anu layak
nampina sareng muka
segel-segelna. Reh
Andika atos
ditelasan.




Nyawa andika tos nebus
umat Allah sakumna,
tisaban kaom, tisaban
basa, saban bangsa,
saban seler
bangsa."
(Wahyu
5:9)




Dina kaca anu pangahirna Alkitab
ngajelaskeun ngeunaan Surga teh
"Yerusalem Anyar". Tempat ieu teh
ageung, ageung

pisan,
tembok
luarna
oge luhur
pisan.




Tembokna teh didamel tina
permata Yaspis, herang gugurilapan.
Dadasarna tembok kotana ditutupan
ku permata Yaspis


sareng
batu-
batu
permata
sanesna, ...



... harurung endah pisan. lawang-lawang didamel tina mutiara, hiji lawang hiji mutiara.



Lawang-lawang tina mutiara
eta teh teu pernah nutup. Hayu
urang kalebet, urang tingal geura
sakurilingna
Wah!



Surga teh geuning langkung endah
deui di lebetna mah. Kotana tina
emas murni, herang ngagenclang siga


kaca, jalana
oge didamel
tina emas




murni.




Aya cai walungan kahirupan anu
herang ngagenclang gugurilapan,
ngocorna teh ti tahta Allah. Disisi-
sisi walungan teh aya tatangkalan
kahirupan, anu mimiti aya di Taman
Eden tea.




Tangkal eta endah tur sae pisan.
Tangkal ieu teh istimewa pisan,
ngaluarkeun 12 rupa bubuahan,
unggal sasihna benten-benten.




Dauna teh tiasa janten landong
kanggo ngadamangkeun
bangsa-bangsa.




Surga teh teu meryogikeun
panonpoe atanapi bulan kanggo
nyaanganana.




Kamuliaan Gusti nyalira anu bakal
nyaangan ku caang anu luar biasa.
Sabab di surga mah teu aya dinten
wengi.



Sasatoan oge disurga mah benten.
Maranehna jenten lalindeuk sareng
sarosobatan. Ajag jeung domba
nyatuan jukut babarengan.



Kitu oge singa-singa anu baradag
teh nyaratuan jarami siga sapi.
Gusti nyaur "Moal aya anu milampah
kajahatan atawa anu miboga
kalakuan goreng di gunung
Gusti
anu
Kudus."



Waktos urang
merhatoskeun
sakuriling
urang
disorga,

aya hal
anu moal
dipendakan
di sorga nyaeta, ...



... teu aya ucapan anu pinuh
kaambek anu ku urang kantos
kakuping,

teu aya
saurang
oge anu
garelut
atanapi
anu

mentingkeun
diri sorangan.



Di ditu teh teu aya hiji panto oge
anu ngonci, sabab di surga
mah teu aya
bangsat.



Teu aya anu sok ngabohong, teu aya
tukang maehan,
teu aya
tukang
sihir,

jalmi
jahat
sanesna
oge teu aya.




Sasarengan sareng Gusti
di surga mah teu aya deui
ci soca, teu aya kasedihan.
Kadang-kadang umat Gusti
teh sok nangis upami nuju
mayunan kasusah
anu dialaman dina
kahirupan. Tapi
disurga mah sadaya
ci soca teh ku
Gusti disusut.



Di surga oge teu aya maot. Umat
Gusti teh bakal teras sasarengan
sareng Gusti.


Teu aya
kasedih,
teu aya
tangisan,
teu aya
kasusah.



Teu aya deui kasakit, teu aya deui
pipisahan, teu aya pamakaman.

Unggal jalmi anu
aya disurga

bagja
sareng
senang
salalamina
sareng
Gusti.



Anu pangsaena nyaeta surga
teh tempat saha wae, murangkalih
pameget, murangkalih istri, anu tos
sepuh oge, pokona kanggo
saha wae anu percanten
ka Gusti Yesus
Kristus salaku
Juru Salamet
sareng anu
taat ka Anjeuna
salaku Gusti.



Di surga teh aya hiji buku anu disebut Kitab Kahirupan Anak Domba. Buku ieu teh pinuh ku nami-nami jalmi. Naha hidep terang nami saha anu ditulis dina eta buku teh?



Leres! nami saha wae anu
percanten ka Gusti Yesus.
Naha nami hidep oge
aya dina buku
eta?



Kecap anu pangahirna dina Alkitab
ngeunaan surga nyaeta uleman anu
luar biasa. "Ruh sareng panganten
istri tea nyarios:



Anu ngdaranngu hal ieu oge kedah
nyarios kitu 'sumangga sumping'.



Sing saha wae anu kahausan, sok geura datang, sing saha wae anu hoyong sok geura nyandak cai kahirupan."



Surga, Bumina Gusti anu Endah
Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Yohanes 14, 2 Korintus 5,
Wahyu 4, 21, 22

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130



Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaeuan Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaean yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.



Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

